

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Buku *Jaladri Tingtrim* minangka buku anu ngamuat puisi winangun dangding atawa bisa disebut ogé guguritan. Kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* medal dina taun 2000. Buku *Jaladri Tingtrim* kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 2001. Guguritan dina buku *Jaladri Tingtrim* kurang leuwih ngamuat 500 pada dina pupuh kinanti, asmarandana, sinom, jeung dangdanggula. di sagigireun éta dimuat ogé puisi anu wangunna papantunan. Hendrayana dina (Padmini, 2000, kc. 14) nandeskeun pamadeganna yén wani nyebut Papantunan téh saupama dilarapkeun kana wilayah Tembang Sunda, loyogna bakal keuna lamun ditembangkeun dina wanda papantunan, naha éta Papatet, Pangapungan, Raja Mantri, Téja Mantri, atawa nu séjénna.

Téma anu nyampak dina guguritan *Jaladri Tingtrim* lolobana téma asmara, réligius/kaagamaan, jeung hirup kumbuh kamanusaan. Naon anu ditémbongkeun dina guguritan *Jaladri Tingtrim* Karya Dyah Padmini geus mampu nohonan sababaraha unsur éstétika. Gaya kapanulisan jeung kamampuh dina ngébréhkeun ide anu hadé tur merenah jadi salah sahiji kaonjoyan ieu guguritan. Hendrayana dina Padmini (2000, kc. 16-17) nétélakeun cara ngaracik kekecapan Dyah Padmini pikeun méré citraan jeung pamahaman anu jembar éstuning lain pagawéan anu énténg.

Sajatina para sastrawati dina ngébréhkeun karya tulisna sok maké rasa anu lemes. Béda jeung Dyah Padmini anu kawilang sastrawati anu wani dina ngébréhkeun karyana, salah sahijina nyampak dina buku *Jaladri Tingtrim*. Nurutkeun Dyah, yén takdir awéwé lain deui nguruskeun dapur jeung rumah tangga wungkul. Dyah némbongkeun yén awéwé bisa ngalakukeun hal anu sarua jeung lalaki, hartina teu aya harti darajat lalaki leuwih luhur ti awéwé duanana miboga darajat anu sarua. Ku kituna guguritan Dyah Padmini karasa leuwih *maskulin* (Hendrayana, 2018, kc. 49).

Guguritan mangrupa karya sastra wangun puisi anu ngagunakeun patokan pupuh atawa padika pupuh. Salian ti éta guguritan téh sok ditembangkeun. Sidikna

guguritan téh geus aya dina abad ka-19. Dumasar kana klasifikasi sastra, guguritan kaasup kana karya sastra buhun/heubeul. Dian Hendrayana dina (Isnéndés, 2010, kc. 61) miboga pamadegan yén guguritan téh mangrupa étimologis Jawa. Kitu deui Ajip Rosidi (2011, kc. 14) nétélakeun yén kegiatan nganggit guguritan aya dina basa Sunda sabada urang Sunda ulun kumawula ka Mataram. Mangsa harita para bupati Sunda dialajar kabudayaan Jawa, cara undak-usuk basa, féodalisme, tembang jeung lianna. Ieu hal jadi bukti yén guguritan aya pangaruhna tina kabudayaan Jawa.

Bujangga Sunda dina awal-awalna mah éta pupuh sok dipaké pikeun némbongkeun kaparigelanana dina wangun wawacan. Dina saban pupuh téh mibanda watek (karakter) anu béda-béda. Nu matak dina nyusun wawacan gé cara nagunakeun watek-watek pupuh téh éstuning mangrupa hal anu luar biasa, meredih kamampuh nu lain lumayan. Watek pupuh kudu bisa ngawakilan atawa méré gambaran, ciri, warna, suasana, naha sedih, gumbira, kingkin, ambek, agung, heureuy, jeung séjén-séjénna (Padmini, 2000, kc. 7).

Kaéndahan karya sastra geus nyangkaruk ti anggalna sabab karya sastra mangrupa résonsi atawa jawaban, tanggapan panulis ka sabudeureunna. Ieu hal kajadian ku sabab ayana stimulasi kaéndahan, aspék-aspék éstétis anu ngirut (Ratna, 2007, kc. 151). Rosidi dina Hendrayana (2017, kc. 253) nyebutkan yén opini masarakat Sunda dina mangsa awal abad 20, puisi guguritan téh mangrupa puisi anu agung jeung hadé batan puisi-puisi anu kungsi aya. Mangsa harita, puisi guguritan nyicingan unggal kagiatan di masarakat Sunda misalna dina pidato ngagunakeun puisi guguritan, susuratan ngagunakeun puisi guguritan, jeung lianna.

Ajén éstétika guguritan anu kungsi ditalungtik dina panalungtikan-panalungtikan saacanna geus némbongkeun yén guguritan mangrupa karya sastra anu miboga ajén luhur. Hal ieu jadi cukang lantaran dina ieu panalungtikan, yén panalungtikan ajén éstétika cocog pisan dilarapkeun dina guguritan. Eusi anu nyangkaruk dina guguritan aya patalina jeung kajian anu rék ditalungtik. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis ajén éstétika anu nyangkaruk dina buku *Jaladri Tingtrim* Karya Dyah Padmini. Aya tilu aspék anu dianalisis dina ieu panalungtikan nya éta disawang tina wujud atawa wangunna, bobot atawa eusi,

jeung pintonanna.

Puisi Guguritan minangka jadi media pikeun masarakat Sunda dina nepikeun pamikiran-pamikiran nu ngandung ajén-ajén kahirupan salah sahijina dina ajén atikan. Kiwari puisi guguritan téh jadi poko matéri pangajaran di sakoa-sakola, ieu hal jadi bahan pikeun ngamumulé budaya Sunda. Salian ti dina kapentingan akademik, puisi guguritan miharep bisa méré mangpaat anu leuwih pikeun kahirupan masarakat Sunda umumna. Kitu deui guguritan nu aya dina buku *Jaladri Tingtrim* Karya Dyah Padmini bisa dipaké pikeun kapentingan akademik jeung kapentingan sosial lainna.

Panalungtikan ngeunaan guguritan téh lain anu munggaran. Aya sababaraha panalungtikan skripsi jeung thesis saméméhna anu medar ngeunaan guguritan di antarana, “Ajén Agama Guguritan Haji Hasan Mustapa Ulikan Struktural, jeung Hermeneutik kana Guguritan *Kinanti Kulu-kulu*” ku N Astrini (2012), “Guguritan *Asmarandana Nu Kami* Karya Haji Hasan Mustapa: Ulikan Struktural jeung jeung Étnopédagogik” ku Muhammad Riza (2015), “Ajén Éstétika dina Kumpulan Guguritan *Lagu Ngajadi* Karya Dian Hendrayana pikeun Bahan Pangajaran Guguritan di SMA Kelas X ku Yaman Al Fashli (2016)”, “Ulikan Struktural jeung Ajén Éstétika dina Kumpulan sajak jeung Guguritan karya Dedy Windyagiri” ku Rosita Pasta Aulina (2019), jeung “Kumpulan Guguritan *Riring-riring Tjiawaking* Karya Wahyu Wibisana (ulikan Struktural jeung Éstétika) ku Eri Fatria (2021)”.

Panalungtikan séjén nu ngaguar Guguritan dina wangun jurnal, di antarana nyaéta “Kajian Tasawuf dalam Guguritan *Sinom Gurinda Pangrasa* Karya Radén Haji Muhamad Syu’eb: Analisis Struktural dan Hermeneutik” ku D Alia (2013), “Tasawuf Sunda dalam Naskah Asmarandaa gagurit Kaburu Burit” ku Jajang A Rohana (2013), “Guguritan Sunda dalam Tiga gaya Penyair” ku Dian Hendrayana (2018), “Sandyakala Guguritan Sunda” ku Dian Hendrayana (2019), jeung “Nilai Keislaman Dalam Puisi Guguritan Sunda di Jawa Barat” ku R Sarah (2021).

Objék panalungtikan ieu jadi pangbéda jeung panalungtikan saméméhna, nyaéta judul anu ditalungtik dina ieu panalungtikan téh buku *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini . Ku kituna nilik tina tinimbangan di luhur ieu panalungtikan téh dijudulan “Ajén Éstétika dina Kumpulan Guguritan *Jaladri Tingtrim* Karya Dyah Padmini”.

1.2 Rumusan Masalah

Rumalah dina ieu panalungtikan nyaéta ngawengku kana tilu masalah.

- 1) Kumaha wujud (bentuk jeung struktur) guguritan dina guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini?
- 2) Kumaha kualitas (eusi) puisi dina guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini?
- 3) Kumaha pintonan dina guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1) Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis ajén éstétikan nu aya dina guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini.

2) Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun:

- 1) bentuk jeung struktur puisi guguritan *Jaladri Tingtrim* Karya Dyah Padmini;
- 2) kualitas (eusi) puisi guguritan *Jaladri Tingtrim* Karya Dyah Padmini;
- 3) Pintonan guguritan *Jaladri Tingtrim* Karya Dyah Padmini.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1) Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat pikeun nambahan pangaweruh dina sastra jeung kasenian Sunda katut budayana, hususna nambahan pangaweruh ngeunaan dangding anu mangrupa guguritan.

2) Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan méré mangpaat pikeun mikanyaho adegan (struktur) guguritan, adegan (struktur) lahir puisi, adegan (struktur) batin puisi, jeung ajén éstétika dina guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah

Padmini sarta nambahan pangaweruh anu jembar ngeunaan kasusastraan jeung kasenian Sunda.

- 2) Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré kasugemaan ka nu maca sarta bisa dipikawanoh ku masarakat umumna ngeunaan kabeungharan budaya Sunda, hususna karya sastra guguritan.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I: Bubuka, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II: Ulikan Tiori atawa landasan tiori, eusina ngajelaskeun sacara déskriptif tiori-tiori nu luyu dipaké pikeun panalungtikan, rujukan séjén anu aya pakaitna jeung panalungtikan sarta panalungtikan saméména.

BAB III: Méthode Panalungtikan, anu ngawengku métodologi panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik ngolah data.

BAB IV: Hasil panalungtikan, hasil tina ngolah data jeung analisis data paalungtikan pikeun ngajawa rumusan masalah.

BAB V: Kacindekan jeung saran, anu eusina kacindekan tina sakabéh panalungtikan jeung saran pikeun panalungtikan ka hareupna sangkan leuwih hadé.